# Тухьфэту аль-мулюк

Имам Абу Хьэнифэ Ан-Нугьман и мэзхэбым и фикъхым тету

[ Адыгэбзэ – Circassian – شركسي ]

Зейнудин Мухьэммэд
бин Абу Бэкр Ар-Разий

Зэзыдзэк1ар ик1и бзэ лъэныкъуэк1э еплъыжар:
Аматуллах Шэркэси

Шэрихьэт лъэныкъуэк1э еплъыжар:
Абу Мухьэммэд Шэркэси

# تحفة الملوك

## في مذهب الإمام أبي حنيفة النعمان

زين الدين محمد بن أبي بكر الرازي

ترجمة وتدقيق لغوي:

أمة الله الشركسي

مراجعة شرعية:

أبو محمد الشركسي

# Бисмиляхи Ар-Рэхьмани Ар-Рэхьим

Пщ1эр Алыхьыращ зыбгъэдэлъыр, Алыхьым и сэлямыр къалъыс и пщыл1у хихахэм.

Мыр фикъх щ1эныгъэр гъэк1эщ1ауэ, си къуэшхэм щыщ гуэрхэм я уахътэм къызэрихьу къысхуа1уэтащ, ар 1ыхьипщ1у сгуэшащ: ахэр фикъхым и нэхъ мыхьэнэшхуэ зи1э щытык1эхэщ, ик1и нахуэ пщ1ыну нэхъ къызтехуэщ, ахэр:

Къабзагъэр, нэмэзыр, сэджытыр, нэщ1ыр, хьэжыр, джихадыр, щак1уэнымрэ былым ф1эгъэжынымрэ, мыхъуныр, щ1эиныр, къэлэжьынымрэ щэнхьэлымрэ. Алыхьым ар сэбэп ищ1, ахърэтым нэсыпыф1агъэм и увып1э нэхъ лъагэ дыдэм нэсыным и сэбэпу щигъэт.

## Къабзэныгъэр

**1 – [Псыхэр зэрызэтек1ыр]**

Псыхэр щыуэ зэток1:

Къабзэ ик1и зыгъэкъабзэ: ар зэрыщытым хуэдэу къэнаращ, абым щыщщ жызумым езыр езыру къыпытк1уари[1].

Зызыхъуэжар къабзэ гуэрк1э, ауэ хэлъхэр езым нэхъррэ нэхъыбэ мыхъуамэ, ик1и и ц1эм[2] зимыхъуэжамэ.

Къабзэ: ар сыт хуэдэ псыри щ1ыб ик1а иужь зыриптхьэщ1ыж хъумэ ик1и андез е гъусл зэрыпщтэ хъуращ.

Нэджис: ар псы мащ1эу нэджасэр[3] зыхэхуаращ ар зэримхъуэк1ами, е куэдыр нэджасэ хэхуэу и щытык1эхэм щыщ гуэрэ зыхъуэжар[4], ар ежэхми и щ1ып1эм итми.

[1] Къыщ1ахуа псыракъым зи гугъу ищ1ыр, ат1э езыр езыру къыпытк1уаращ.
[2] Псык1э еджэу къэнамэ.
[3] Нэджасэр ф1еягъэхэращ: ц1ыхур щ1ыб зэрик1ыр, хьэм и 1упсыр, нэгъуэщ1хэри.
[4] И фэ, е и 1эф1ыгъэ, е и мэращ зи гугъу ищ1ыр.

**2 – [Куэдым къыригъэк1ыр]**

Куэдыр: пщ1ым илъ пщ1ыщ, кэрбас 1эфрак1эм[5] нэсу и бгъуагъыр, и кууагъыр щ1ыр къэмылъагъуэу абжьыбит1к1э къыщ1эбгъалъэмэ.

Мащ1эр: абым нэхърэ нэхъ мащ1эращ.

Ежэхыр: хьэуазэр зыхьыращ.

Щытыр: апхуэдэу щымытыращ.

**3 – [Нэджасэхэр зэрызэтек1ыр]**

Нэджасэр: ц1ыхумрэ нэгъуэщ1хэмрэ я къик1ып1ит1ым къик1ыу хъуаращ, абым хыхьэкъым тхьэрыкъуэмрэ бзухэмрэ я вэнвейр. Ит1анэ лъыр, шыныр ирежэхамэ гъэкъэбзэныпхъэ щ1ып1эхэм (андезым е гъуслым[6]). Ит1анэ аркъэм, къижьыжар жьэм дэз хъумэ, бзу ямышххэм я вэнвейм псыр нэджэс ящ1, ауэ щыгъыныр хьэуэ, и теплъэм уигъащтэу мыхъуху.

**4 – [Нэджасэхэм щыщу къэбгъанэ хъухэр]**

Дзыгъуэм и вэнвеймрэ и гъутхьэпсымрэ шхынымрэ щыгъынымрэ хэхуамэ ягъэ к1ынукъым, ауэ псым хьэуэ.

Аргъуейм, бжьыдзэм, бдзэжьейм я лъыри апхуэдэщ. Псэущхьэ л1ам и цыри, и нэгъуэщ1 1ыхьэ псэ зыхэмылъыжыри къабзэщ.

Кхъуэм и цыри, и нэгъуэщ1 1ыхьэхэри нэджасэщ, ауэ абы и цымк1э хуар хъунущ[7]. Пылым и къупщхьэри къабзэщ.

**5 – [Фэ гъэхьэзырар]**

Фэ гъэхьэзырауэ хъуар къабзэщ, кхъуэмрэ ц1ыхумрэ я фэм мыхъумэ[8].

**6 – [Ныкъуэфхэм и унафэр]**

---

[5] 1эпэхэм щегъэжьауэ 1эфрак1эм къэс, 46,2 см мэхъу.

[6] Зэрыщыту зыгъэпск1ыжыныращ.

[7] Апхуэдэу щ1ыжи1ар хуным а цыр халъхьэу щытащ, абым нэхъ зэтри1ыгъэу щытащ.
Абу Юсуф жи1ащ: «Ар мэкрухщ (къомыгъэсэбэпмэ нэхъыф1щ), сыту жып1эмэ хуныр абым нэгъуэщ1 цык1и хъунущ».

[8] Кхъуэм ейр зэрынэджасэм къыхэк1ыу, ц1ыхум ейм пщ1э зэри1эм къыхэк1ыу.

Ц1ыхум и ныкъуэфыр къабзэщ, ар аркъэ емыфамэ. Шымрэ зи лыр яшххэмрэ я ныкъуэфри къабзэщ.

Кхъуэм, хьэм, псэущхьэшхым[9] я ныкъуэфхэр нэджасэщ.

Джэдум, джэдым[10], махъшэм, жэмым[11], блэм, бэджейм, дзыгъуэм, псэущхьэ зышх бзухэм я ныкъуэфыр мэкрухщ.

Къыдырымрэ шыдымрэ я ныкъуэфыр къабзэщ, ауэ шэч хэлъщ абым и къабзагъэм. Нэгъуэщ1 псы умыгъуэтамэ абымк1э андез пщтэ хъунущ ик1и тэемум[12] пщ1ыжынущ[13].

## Андезымрэ[14] гъуслымрэ[15]

**7 – [Андезым и фарзхэр]**

Андезым и фарзхэр пл1ы мэхъу:

**Япэрауэ:** напэр тхьэщ1ынырращ. Напэр и к1ыхьагък1э щхьэцыр къыздэк1ым щегъэжьауэ жьэпкъыр здиухым нэсщ, и бгъуагък1э зы тхьэк1умэм и к1апэм щегъэжьауэ адрей тхьэк1умэм и к1апэм нэсущ.

Нэк1ухэмрэ жьэпкъымрэ тет щхьэцыр тхьэщ1ын хуейщ, ауэ жьэпкъым и щ1агъыр тхьэщ1ыным хыхьэкъым[16]. Пащ1эмрэ набдзэмрэ тхьэщ1ын хуейщ, жьак1эри зэрыщыту тхьэщ1ын хуейщ, тхьэк1умэмрэ жьак1эмрэ язэхуакум и1э щ1ып1э щхьэц къызтемык1эри тхьэщ1ын хуейщ.

**Ет1уанэу:** 1ит1ыр 1эфрак1эхэм нэсу тхьэщ1ын хуейщ**.**

**Ещанэу:** щхьэм и пл1анэм телъэщ1ыхьын хуейщ.

---

[9] Аслъэныр, къаплъэныр, нэгъуэщ1хэри.
[10] И пэмк1э нэджасэхэм зэрыхэ1эбэм къыхэк1ыу.
[11] Нэджасэхэр зэришхым, къызэрилъыхъум къыхэк1ыу.
[12] Псы зымыгъуэтым, е псыр къызэгуауэм сабэ, пшахъуэ, щ1ы, нэгъуэщ1 къабзэ гуэрхэм и 1эхэмк1э теуэу зызэпилъэщ1ыхьу иштэращ тэемумыр.
[13] Тегушхуэу иштэнум папщ1э, сыт имыщ1ами а т1ум щыщу япэк1э хъунущ.
[14] Щ1ык1э хэхам тету зыгъэкъэбзэныращ.
[15] Зыгъэпск1ынырaщ.
[16] Жьак1эр 1увмэ.

**Епл1анэу:** лъакъуэр лъапщхьэм къэсу тхьэщ1ыныращ, лъакъуэр здызэгуэчам щыхуауэ зыгуэр къыдэнамэ, ар егуауэкъым андезым[17].

**8 – [Андезым и суннэтхэр]**

Андезым и суннэтхэр т1ощ1 мэхъу:

Нетыр, «Бисмиллях» жып1эныр, 1ит1ыр 1эпщэм нэс щэрэ тхьэщ1ыныр жейуэ къэтэджыжамэ, зэрызэк1элъык1уэм хуэдэу пщ1ыныр, зэпымыудыныр[18], сиуакыр[19], псыр жьэдэбгъэжыхьынымрэ пэм ибгъэхьэнымрэ, нэщ1 зымы1ыгъым ар нэхъ кууэ игъэзащ1эмэ нэхъыф1щ.

Ижьымк1э щ1эбдзэныр, 1эхэмрэ лъакъуэхэмрэ щыптхьэщ1ым идеж 1эпхъуамбэхэмрэ лъэпхъуамбэхэмрэк1э ебгъэжьэныр.

Жьак1эмрэ 1эпхъуамбэхэм я зэхуакум псы дэгъэхьэныр, 1элъын зэври бгъэхъеиныр 1эпхъуамбэхэр щыптхьэщ1к1э, щхьэм зэрыщыту телъэщ1ыхьыныр, абым ущытелъэщ1ыхьк1э ипэк1э ебгъэжьэныр, тхьэк1умит1ымрэ пщэмрэ утелъэщ1ыхьыныр.

Псори щэрэ птхьэщ1ыныр.

**9 – [Гъуслым и фарзхэр]**

Гъуслым и фарзхэр тху мэхъу:

Псыр жьэдэбгъэжыхьыныр, уи пэм псы ибгъэхьэныр, 1эпкълъэпкъыр зэрыщыту птхьэщ1ыныр, бынжэм и к1уэц1ым псы нэбгъэсыныр, л1ым и щхьэцыр зэрыщыту игъэуц1ыныныр, ар блауэ щытми. Абык1э ар бзылъхугъэм и щхьэц блам къыщхьэщок1ыр[20].

Суннэтхэр хы мэхъу:

---

[17] Псыр нэсу егуауэмэ аращ, ауэ емыгуауэнумэ, к1эрыхын хуейщ (псыр пхырымык1мэ). Лъабжьанэм тет узхэр зэран хуэхъукъым андезым, сыту жып1эмэ ахэр къыздыхэк1ыр езы лъэбжьанэращ.

[18] Андез здэпщтэм нэгъуэщ1 1уэху зепхуэу зэпымыгъэуныращ къыригъэк1ыр.

[19] Ар къэк1ыгъэ сиуак зи ц1эм и лъабжьэм щыщу къыпаупщ1 баш ц1ык1ущ. Абымк1э дзэхэр ялъэщ1 ик1и хуабжьу сэбэпщ.

[20] Бзылъхугъэм и щхьэцым и лъабжьэхэр игъэуц1ынамэ, адрей и щхьэцыр зэрыщыту имыгъэуц1ынми хъунущ.

**10 – [Гъуслым и суннэтхэр]**

И 1ит1ымрэ и ук1ытап1эмрэ итхьэщ1ынк1э иригъэжьэну, и 1эпкълъэпкъым к1эрылъ нэджасэр к1эрихыну, ит1анэ нэмэз ищ1ыным хуэдэу андез ищтэну и лъакъуит1ыр имытхьэщ1у здэжьыщ1эхэм идежмэ зыздигъэпск1ыр[21].

Ит1анэ и щхьэмрэ и 1эпкълъэпкъымрэ щэрэ етхьэщ1ри зыздигъэпск1ым къок1ыжри и лъакъуэхэр етхьэщ1ыж.

**11 – [Сытым щыгъуэ суннэр гъусл пщтэну?]**

Гъуслыр мерэм махуэм, гьидит1ым я махуэхэм, ихьрамым[22] ущихьэм суннэщ, ик1и суннэм щыщщ мерэм махуэм и жумгьэ нэмэзыр пщ1ыну гъусл пщ1ауэ умыкъута щ1ык1э.

Диныр къэзыщтэм, зыкъэзыщ1эжам, балигъ хъуам гъусл ищтэну мустэхьэбщ.

**12 – [Сытым щыгъуэ уаджибыр гъусл пщтэну?]**

Балигъ хъуамэ «тк1уатк1уэ»[23] къик1ыу, гъуслыр уаджибщ.

Джэнабэр[24], хьейдыр[25], нифасыр[26] зи1эм я гъуслыр уаджибщи, диныр къищта къудейми ар игъэзэщ1эн хуейщ[27].

## Андезыр зыкъутэхэр

**13 – [Тк1уатк1уэу зыкъутэр]**

---

[21] Ипэк1э здэжьыщ1э щ1ып1эм зыщагъэпск1, ик1и нэджасэ гуэр а щ1ып1эм къэнамэ лъакъуэхэрат зынэсыр. Абы къыхэк1ыу лъакъуэхэр иужь дыдэу ятхьэщ1ыжт.

[22] Хьэжым е гьумрэм (хьэж ц1ык1у жыхуа1эращ) ук1уэу микъатым идеж нет щыпщ1к1э ихьрамым уихьауэ аращ.

[23] Спермэ.

[24] Джэнабэ зыхужа1эр «тк1уатк1уэр» къик1амэ е и щхьэгъусэм ек1уэл1амэ.

[25] Бзылъхугъэм мазэ къэс къыхуэк1уэ лъыращ.

[26] Фыз лъхуам къыхуэк1уэ лъыращ.

[27] Диныр къэзыщтам гъуслыр уаджиб зыщ1 1уэхугъуэхэм щыщ ищ1амэ, гъуслыр ищ1ыжын хуейщ.

Къик1ып1ит1ым къик1ыу хъуам[28], лъым, шын къырамып1ыт1ык1ыу езыр гъэкъэбзэныпхъэ щ1ып1эхэм ежэхыу нэсам, къижьыжар жьэм жьэдэз хъуам.

**14 – [Жейуэ зыкъутэр]**

Жеймэ и джабэм телъу, е зыгуэрым егъэщ1ауэ, е зыгуэрым зытригъащ1эу, щ1ым зыщимыукъуэдийуэ.

Акъылыр щхьэщык1амэ къэмэхыу, е делэ хъууэ, е чэф хъуауэ.

Нэмэз рукугьрэ[29] суджудрэ[30] зыхэтым тету макък1э дыхьэшхамэ.

**15 – [Лъыр къыщик1ым]**

И жьэм лъы къыдэк1ауэ 1упсым и плъыфэр имыхъуэжамэ, амдезыр икъутэкъым, ауэ лъыр 1упсым нэхърэ нэхъыбэ хъуамэ е зэхуэдизмэ екъутэр.

**16 – [Е1эбауэ зыкъутэр]**

И ук1ытап1эм е1эбыжамэ и андезыр къутэкъым, бзылъхугъэм е1эбами къутэкъым емык1уэл1амэ.

**17 – [Гъуслыр уаджиб щыхъур]**

Гъуслыр уаджибщ: мэнийр[31] къик1амэ жейми мыжейми ф1эф1ыгъэ хэлъамэ.

Ук1ытап1эр ц1ыхум и къик1ып1ит1ым щыщ зым ихьамэ.

Хьейдымрэ нифасымрэ.

Гъуслыр уаджибкъым мэнийр ф1эф1ыгъэ хэмылъыу къик1амэ, пщ1ыхьэп1эу зыгуэр илъагъуу псы1агъэ имылъагъумэ гъусл къытехуэкъым, ауэ псы1агъэр мэнийуэ е мэзийуэ[32] илъагъуу пщ1ыхьэп1э илъагъуауэ имыщ1эжми гъусл къытохуэр.

---

[28] Жьыри абым хохьэр.
[29] Нэмэзым утету зыбгъэшыныращ.
[30] Нэгук1э щ1ым унэсыныращ нэмэзым утету.
[31] Спермэ.
[32] Смазкэ.

# Местыр мэсхь[33] щ1ыныр

**18 – [Унэм исымрэ гъуэгурык1уэмрэ я мэсхьыр]**

Унэм исыр: щ1ыб ик1а иужь зы жэщмахуэ мэсхь ищ1 хъунущ.

Гъуэгурык1уэр: щ1ыб ик1а иужь жэщмахуищ мэсхь ищ1 хъунущ местыр щыщит1агъэм езыр къабзэу[34] щытамэ.

**19 – [Местым нэгъуэщ1у мэсхь пщ1ы хъунур]**

Зы местыр адрейм къытелъу мэсхь пщ1ы хъунущ, местым къытралъхьэ вакъэми мэсхь хуэпщ1 хъунущ и андезыр мыкъутэ щ1ык1э щит1эгъамэ.

Лъэпэд узыпхырымыплъми мэсхь пщ1ы хъунущ, ар умыпхэу лъапщхьэм идеж зи1ыгъмэ, фэм къыхэмыщ1ык1ами.

**20 – [Унэм исыр гъуэгу теувамэ е гъуэгурык1уэр унэм къэсыжамэ]**

Унэм исыр гъуэгу теувамэ и мэсхьым и уахътэр имык1 щ1ык1э жэщмахуищыр иригъэкъуну хуитщ.

Гъуэгурык1уэри унэм къэсыжамэ зы жэщмахуэм иригъэлейкъым мэсхь яперейуэ щищ1а уахътэм щегъэжьауэ.

**21 – [Мэсхь зэращ1ыр]**

Местым и гущ1ы1ур елъэщ1ыр, ар нэхъ мащ1э дыдэу 1эпхъуамбищк1э ищ1ын хуейщ.

**22 – [Мэсхь пщ1ы щымыхъунур]**

Гъуанэшхуэ зи1эм мэсхь хуэпщ1 хъунукъым. Абым и инагъыр лъэпхъуамбэ нэхъ ц1ык1у дыдэм хуэдищщ.

**23 – [Мэсхьыр зыкъутэр]**

Андезыр зыкъутэу хъуам мэсхьри екъутэр, ит1ани и уахътэр ик1амэ къута мэхъур, е местыр и лъапщхьэм ф1ихамэ мэсхьыр

---

[33] 1э ц1ынэк1э утелъэщ1ыхьыныращ.

[34] Андез е гъусл ищтауэ.

къута мэхъур. Уахътэр дэк1ауэ е местыр ф1ихауэ мэсхьыр къута хъуамэ и лъакъуэхэр итхьэщ1ыж къудеймэ ирокъур[35].

**24 – [У1эгъэпхыр мэсхь щ1ыныр]**

У1эгъэпхыр мэсхь пщ1ы хъунущ ар щытралъхьам андез имы1ыгъами[36], ик1и уахътэ и1экъым апхуэдэ мэсхьым.

У1эгъэпхыр къытехуамэ мыхъужауэ иджыри у1эгъэр мэсхьыр къутэкъым.

Ауэ у1эгъэр хъужауэ къытехуамэ мэсхьыр къута мэхъур, ар нэмэзым тету хъуами.

Лъы щ1эк1ыныр зэтезы1ыгъэ у1эгъэпхри мэсхь ящ1ыр ар къытепхмэ къегуэуэнумэ, ар мэсхь ящ1ыр фэ у1эгъэпхым и зэхуакум плъагъум щ1ыгъуу.

## Тэемум[37]

**25 – [Тэемум пщ1ы щыхъунур]**

Тэемум ещ1ыр: псы зымыгъуэтыр ц1ыху здэпсэу щ1ып1эм дэк1амэ, е абыхэм ядеж игъэзэжыну милэ[38] хуэдиз дэлъмэ, е псы игъуэтауэ псы хуэл1эм ихьыну шынэмэ[39], е сымаджэу зигъэхъеину е псыр къегуэуэну шынэмэ, е ц1ыхухэр здэщы1эм щы1эу джунубу[40] щ1ы1э 1ейм щышынэмэ, е и псэм е и мылъкум бийр е хьэк1экъуэк1эхэр къытеуэну шынэмэ, е псыр хуабжьу егъэлея уасэк1э ящэу хуэзамэ, е псым и уасэ хуэфащэр и1эу, ауэ езым а уасэр имы1ыгъмэ.

**26 – [Псы щы1эу тэемум щащ1ыр]**

---

[35] Андез и1ыгъыу щытмэ а уахътэм.
[36] У1эгъэр итхьэщ1мэ къызэрегуэуэнум къыхэк1ыу аращ апхуэдэу щ1ыщытыр, ауэ къемыгуауэу итхьэщ1 хъунумэ, амдез ищтэу трилъхьэн хуейщ у1эгъэпхыр.
[37] Тэемумыр: псы щыщымы1эм идеж андезым ип1эк1э ящ1ыращ.
[38] Милэр 1848 метр хуэдиз мэхъу.
[39] Езыр и псэм тешыныхьми, зытес псэущхьэрами зытешыныхьыр псы хуэл1эм ихьыну.
[40] И щхьэгъусэм ек1уэл1ауэ иджыри гъусл зымыщтэжаращ.

Псы щы1эу тэемум ищ1 хъунущ гьид нэмэзым е жэназым къык1эрыхуну шынэмэ, ауэ унафэщ1ым и 1уэхур апхуэдэкъым[41].

**27 – [Андезым щхьэк1э псы къэлъыхъуэныр]**

Жумэ нэмэзыр блэк1ыну, е уахътэр ик1ыну (шынэу) тэемум ищ1къым[42]. И гъусэм псы и1ыгъмэ, тэемум имыщ1 щ1ык1э абы псы къыритыну елъэ1умэ нэхъыф1щ[43].

Псы къилъыхъуэну щыткъым, абым пэгъунэгъу хъуауэ игум имылъмэ.

**28 – [Тэемум зэращ1ыр]**

Тэемум щыпщ1к1э т1орэ утеуэнущ:

Зы теуэгъуэр нэгум щхьэк1э, адрей теуэгъуэр 1ит1ым щхьэк1э 1эфрак1эхэри хыхьэу, 1эпхъуамбэхэм дигъыхьэурэ, 1элъыныр зыф1ихауэ. Нетыр абдежым фарзщ.

**29 – [Тэемум зырыпщ1 хъунур]**

Щ1ы къабзэк1э пщ1ы хъунущ: ар щ1ыуэ ябжу хъуаращ: езы щ1ыр, пшахъуэр, мывэхэр, сэхур, сурьмэр, зирнихъыр[44].

Щ1ыб ик1амрэ джунубымрэ и тэемумыр зыщ.

**30 – [Тэемумыр зыкъутэр]**

Ар екъутэр андезыр зыкъутэу хъуам.

Ит1ани абым хохьэр псыр бгъуэтыныр ар къэбгъэсэбэп хъунумэ.

Псы игъуэтыным щыгугъым и нэмэзыр игъэгувэмэ нэхъыф1щ.

Тэемум зыщтам зыхуей нэмэзыр ищ1ыну хуитщ: фарзхэри, фарзу щымытхэри.

**31 – [Псыр щыгъупщэу тэемум зыщтар]**

И хьэпшыпхэм хэлъ псыр зыщыгъупщам, е и гъунэгъуу псы зэрыщы1эр зымыщ1ам тэемум ищ1у нэмэз ищ1ар хурокъур.

---

[41] Унафэщ1ым йожьэхэр, ар къык1эрыхуну шынэкъым.
[42] Сыту жып1эмэ, жумэ нэмэзыр шэджагъуэ нэмэзу ящ1ыжыр блэзыгъэк1ам, уахътэр ик1амэ нэмэзыр япшыныж.
[43] Инэхъыбэм хьэуэ зэрыжамы1энум къыхэк1ыу.
[44] Ипэк1э дзыгъуэгъал1эр къызхахыу щыта мывэм аращ и ц1эр хьэрыпыбзэм.

### 32 – [Псапэм щхьэк1э хэха псыр щы1эу тэемум пщ1ыныр]

Гъуэгухэм ягъэхьэзыра псыхэр ефэным щхьэк1э хэхауэ щытмэ тэемум пщ1ы хъунущ, ауэ куэду щытмэ а псыр гур1уэгъуэ мэхъур, ар андезымрэ ефэнымрэ щхьэк1э зэрыхуэгъэхьэзырар.

## 1ыхьэ:

## Нэджасэр 1ухыныр

### 33 – [Нэджасыр зэрык1эрахыр]

Плъагъуу щыт нэджасэр[45] къабзэ щыхъур зэрыщыту к1эрыпхыжмэ сыт хуэдэ тк1уатк1уэ къабзэ ар к1эрызгъэк1хэм щыщ къэбгъэсэбэпу: серчэ, удз гъэгъахэм я псы, псы къагъэсэбэпар[46].

### 34 – [Къык1эрынар]

Къык1эрынамэ п1э гуэр к1эрыпха иужьк1э гугъуехь хэлъу ар 1упхыжыну ягъэ к1ынукъым.

### 35 – [Умылъагъур зэрагъэкъабзэр]

Умылъагъур[47] зэрык1эрахыр ятхьэщ1урэ, к1эрык1ыжа къыпщыхъуху[48].

### 36 – [Джафэр зэрагъэкъабзэр]

Джафэу щыту хъуар гъунджэ, джатэ, сэ хуэдэу зэрагъэкъабзэр ялъэщ1урэщ.

### 37 – [Мэнийр тхьэщ1ыныр]

Мэнийр нэджэсщ, ц1ынэмэ тхьэщ1ын хуейщ, гъущамэ бы1уэту к1эрыбгъэлъэлъыжмэ ирокъур.

### 38 – [Дыгъэм и лъэужьыр]

---

[45] Лъы, вэнвей хуэдэхэр.

[46] Нэджасэр 1эпкълъэпкъым к1эрылъми, щыгъынми зык1эрылъыр зэтек1къым зэрык1эрыпхыр.

[47] Гъутхьэпс, шагъыр (аркъэ) хуэдэхэр.

[48] Щэрэ ботхьэщ1ыр, ыту жып1эмэ, щэрэ птхьэщ1а иужьщ инэхъыбэм къабзэ щыхъужыр, птхьэщ1ыху къэс щ1эпкъузык1ыжурэ, ещанэм нэхъ уогугъур.

Щ1ым щы1а нэджасэм и п1эр к1уэдамэ дыгъэр тепсэурэ, а щ1ып1эм нэмэз щыпщ1 хъунущ, ауэ абдежым тэемум къапщтэ хъунукъым.

**39 – [К1эрыбгъэлъэлъыжмэ ирикъу нэджасэхэр]**

Местым е вакъэм нэджасэ пкъы зи1э[49] нэсауэ гъущамэ, щ1ым щихъуэмэ къабзэ мэхъур, ауэ тк1уатк1уэмрэ щыгъынымрэ апхуэдэкъым[50].

## 1ыхьэ:

## Псыкъуийм ехьэл1ар

**40 – [Псыкъуийр нэджасэ зыщ1ыр сыт?]**

Нэджасэ тк1уатк1уэхэм езыри нэджасэ ящ1ыр, ауэ быдэхэм: вэнвей, куэншыб хуэдэу, ар мащ1эмэ ягъэ к1ынукъым, ауэ куэдыракъым:

**41 – [Нэджасэ зыщ1ыр гъэнэхун]**

Ар еплъым куэду илъытэращ. Тк1уатк1уэри, гъущэри, псори, къутари зэхуэдэщ (зэрыдгъэунэхур).

**42 – [Псыкъуийм дзыгъуэ хэл1ыхьамэ]**

Абым дзыгъуэ, е бзу, е абыхэм яхуэдэ зыгуэр хэл1ыхьамэ, зэрагъэкъэбзэжыр т1ощ1 езым и пэгунымк1э къыхахыурэщ хэхуар къыхахыжа иужь.

**43 – [Тхьэрыкъуэ псыкъуийм хэл1ыхьамэ]**

Тхьэрыкъуэ, е джэд, е джэду хуэдэмэ пэгун пл1ыщ1.

**44 – [Ц1ыху псыкъуийм хэл1ыхьамэ]**

Ц1ыхумэ, е мэлмэ, е абыхэм хуэдэ гуэрэмэ: зэрыщыту къипхыжын хуейщ (псыр).

**45 – [Псыкъуийм хэлъыр къэпщамэ]**

---

49 Вэнвей хуэдэу.

50 Ахэр псык1э птхьэщ1ыжын хуейщ.

Ауэ къэпщамэ хэхуар е фыну иригъэжьамэ зэрыщыту къыпхын хуейщ зыри къимынэу: ц1ык1уми инми. Псыр къыщ1эжурэ зэрыщыту къырахыну ямылъэк1мэ, яхузэф1эк1ым хуэдиз къырахыр[51].

## 1ыхьэ:

## 1истинджа1[52]

### 46 – [1истинджа1ым и хьукмыр, абым щхьэк1э къагъэсэбэпыр]

Ар суннэтщ[53] щ1ыб инк1э е ц1ык1ук1э ик1амэ, е абым хуэдэхэм[54]: сыт хуэдэ къабзэ зыгъэкъабзэмк1э[55] щ1ып1эр елъэщ1ыр игъэкъабзэху, ик1и абы бжыгъэ хэха и1экъым, псыри нэхъыф1щ (къэбгъэсэбэпыну).

### 47- [Псыр къэбгъэсэбэпыну уаджиб щыхъур]

Къик1ар къыздик1 щ1ып1эм ф1эк1амэ псык1э бгъэкъабзэн хуейщ.

### 48 – [1истинджа1 пщ1ы зэрымыхъунухэр]

Мэкрухщ къупщхьэк1э[56], куэншыбк1э[57], шхынк1э[58], 1э ижьымк1э[59].[60] Алыхьым нэхъыф1у ещ1эр.

[51] Мыбдежым игъэунэхуакъым дапщэ къырахынуми. Жа1ащ: «Псым хэзыц1ыхук1 л1ит1ым я еплъык1эк1э къащтэр». Ит1ани жа1ащ: «Пэгун щит1ым щегъэжьауэ пэгун щищым нэс къырах».

[52] Щ1ыб ик1а иужь зыгъэкъэбзэныр.

[53] Нэмэз зыщ1ыным щхьэк1э уаджибщ нэджасэр игъэкъэбзэну.

[54] Плъагъуу хъуар, маркуэ, лъы хуэдэу, нэгъуэщ1у а щ1ып1ит1ым къик1хэри.

[55] Мывэ, тхылъымп1э, щэк1 хуэдэхэращ.

[56] Къупщхьэхэр жынхэм я шхынщи буц1эп1ыну щыткъым.

[57] Ар ф1ейщи.

[58] Шхыныр 1исраф пщ1ыну щыткъыми.

[59] Абым пщ1э и1эщи.

[60] Мыхэр псори къэбгъэсэбэп зэрымыхъуныр бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, жи1ащ.